

## BAB I BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang

Basa jeung sastra mangrupa dua hal anu béda tapi silih pangaruhan tur silih euyeuban. Basa miboga kalungguhan pikeun ngébréhkeun pikiran, pamadegan, sawangan, kahayang, atawa ide panyatur ka pamiarsa, boh sacara lisan boh tulisan. Éta hal bisa ngawujud dina wangun karangan, saperti: carpon, novel, sajak, carita pantun, jeung wawacan, anu di jerona ngawengku gagasan jeung ide pangarang nu hayang ditepikeun ka nu maca.

Dina karya sastra, basa kacida mangaruhan kana eusi jeung struktur carita. Milih diksi sacara bener tur merenah bisa nambahan ajén nu aya dina éta karya sastra, hususna ditilik tina segi kaéndahan atawa éstétika. Nurutkeun Chaer & Agustina (2014, kc. 68-69), ragam basa nu dipaké dina sastra ilaharna negeskeun kana makéna basa tina segi éstétis, antukna milih jeung maké kekecapan nu miboga *eufoni* sarta daya unglap pangmerenahna.

Ditilik tina segi éstétika, purwakanti atawa rima mangrupa bagian tina gaya basa. Nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 252), dina karya sastra remen ngagunakeun unsur-unsur basa nu sifatna éstétis, saperti gaya basa. Gaya basa mangrupa pameungkeut antara basa jeung sastra. *Style*, *stail*, atawa ‘gaya’ nyaéta ciri has anu dipaké ku hiji jalma pikeun nepikeun atawa ngébréhkeun diri; gaya pribadi (Shipley, dkk. dina Wibowo, 2017, kc. 35). Hartina nalika hiji karya sastra ngéstokeun kana purwakanti atawa *rima*, bisa jadi cicirén yén pangarang miboga kabeungharan kecap nu jembar. Purwakanti remen kapaluruh dina karya sastra *genre* puisi, di antarana nyaéta sajak, carita pantun, kawih, sisindiran, guguritan, jeung wawacan.

Wawacan mangrupa salah sahiji karya sastra klasik dina wangun puisi. Wawacan midangkeun carita anu panjang, dianggit maké patokan pupuh, sarta réa bagian-bagian dina jalan caritana. Gelama wawacan nyaéta dina abad ka-17. Ieu hal dumasar kana katerangan yén asupna wangun pupuh nu ngagelarkeun wawacan jolna tina kasusastraan Jawa anu asup kira-kira dina abad ka-17 (Koswara, 2013, kc. 82). Di tatar Sunda, wawacan kungsi jadi karya sastra nu dipigandung ku masarakat.

**Anisa Yunidawati, 2018**

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,  
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Éta hal bisa katitén tina réana pangarang anu nulis wawacan mangsa harita.

Di wewengkon Sumedang, perenahna di Kacamatan Situraja, kapaluruh naskah-naskah wawacan anu sacara turun-tumurun diwariskeun. Salah sahijina nyaéta naskah “Wawacan Babad Salira”. Ilaharna naskah-naskah buhun saperti wawacan ditulis ngagunakeun aksara Pégon jeung Cacarakan. Ku kituna, sangkan eusi nu dipidangkeun dina wawacan bisa kaharti ku nu maca, perlu ayana kagiatan transliterasi, saperti ngaganti aksara Pégon kana aksara Latén nu leuwih umum dibaca jaman ayeuna. Salian dijadikeun barang pusaka, eusi tina wawacan mibanda ajén jeung norma kahirupan.

Kiwari geus langka masarakat nu apal kana purwakanti anu mangrupa salah sahiji kabeungharan kecap dina basa Sunda. Padahal ku ayana purwakanti bisa ngeuyeuban kamampuh nulis jeung nyarita saurang jalma. Pon kitu deui pangaweruh ngeunaan wanda jeung warna karya sastra Sunda, hususna wawacan anu geus kasilih ku ayana budaya jeung paham deungeun, nu matak ngurangan jeung ngaleungitkeun kasadaran pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya sorangan. Saéstuna eusi nu dipidangkeun dina wawacan pinuh ku ajén-ajén luhung nu bisa dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun.

Ku kituna, maluruh purwakanti jeung ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Babad Salira” kacida gedé mangpaatna. Iwal pikeun ngaguar gaya basa, ogé pikeun ngaguar kabiasaan jeung falsafah hirup urang Sunda jaman baheula anu bisa dijadikeun pangajaran dina kahirupan sapopoé.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan purwakanti dina karya sastra Sunda mémang geus aya. Di antarana nyaéta: 1) “Purwakanti dina Kumpulan Dangding *Jamparing Hariring* Karangan Dedy Windyagiri” (Ade Indayati, 2005); jeung 2) “Purwakanti dina Carita Pantun Budak Mandjor pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Sastra di SMA” (Erna Erviliyana Rulita, 2017). Ogé panalungtikan saméméhna ngeunaan ajén kaagamaan dina wawacan nyaéta: 1) “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulukan Filologi)” ku Yedi Sudrajat, 2016; jeung 2) “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” ku Yulia Darmilah, 2013.

**Anisa Yunidawati, 2018**

**NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,  
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun téh miboga sasaruuan, nyaéta ngeunaan pamarekan analisis purwakanti jeung ajén kaagamaan dina wawacan. Sedengkeun anu ngabédakeunana nyaéta objék panalungtikan. Sanajan geus aya panalungtikan ngeunaan purwakanti jeung ajén kaagamaan dina karya sastra, tapi can kungsi aya nu nalungtik dina naskah “Wawacan Babad Salira”. Ieu panalungtikan dianggap perlu sabab jadi alternatif pikeun maluruh purwakanti anu aya dina Wawacan Babad Salira, kaasup wanda purwakantina. Ogé pikeun ngaguar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina éta naskah.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan nu baris dilaksanakeun miboga judul “Naskah Wawacan Babad Salira: Transliterasi, Purwakanti, jeung Ajén Kaagamaan”.

## **1.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, bisa dirumuskeun sababaraha masalah nu diébréhkeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha transliterasi naskah Wawacan Babad Salira?
- 2) Purwakanti naon waé anu kapaluruh dina Wawacan Babad Salira?
- 3) Kumaha klasifikasi purwakanti dina Wawacan Babad Salira? jeung
- 4) Ajén kaagamaan naon waé nu nyampak dina Wawacan Babad Salira?

## **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan nu rék dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1. Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung maluruh ngeunaan transliterasi jeung purwakanti dina naskah Wawacan Babad Salira, ogé pikeun ngaguar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina éta naskah.

### **1.3.2. Tujuan Husus**

**Anisa Yunidawati, 2018**

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,  
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar jeung maluruh ngeunaan:

- 1) transliterasi naskah Wawacan Babad Salira;
- 2) purwakanti anu kapaluruh dina Wawacan Babad Salira;
- 3) klasifikasi purwakanti dina Wawacan Babad Salira; jeung
- 4) ajén kaagamaan nu nyampak dina Wawacan Babad Salira.

#### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, kayaning tina sababaraha aspék, saperti: 1) mangpaat tina segi téoritis, 2) mangpaat tina segi praktis, 3) mangpaat tina segi kawijakan, jeung 4) mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial.

##### **1.4.1. Mangpaat tina Segi Tioritis**

Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngadésripsikeun ngeunaan wanda purwakanti katut transliterasi naskah. Ogé pikeun ngaguar ngeunaan ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah Wawacan Babad Salira.

##### **1.4.2. Mangpaat tina Segi Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina widang anu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan transliterasi naskah Wawacan Babad Salira, klasifikasi purwakanti dina Wawacan Babad Salira, jeung ajén kaagamaan anu aya dina éta naskah;
- 2) pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun bahan pustaka dina panalungtikan satuluyna.

##### **1.4.3. Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur masarakat sangkan ngariksa kabudayaan Sunda saperti wawacan anu pinuh ku ajén-ajén luhung. Ogé sangkan masarakat bisa ngabiasakeun

**Anisa Yunidawati, 2018**

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,  
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

maké purwakanti dina waktu-waktu nu tangtu. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif pamaréntah dina raraga ngainvéntarisir naskah-naskah wawacan.

#### **1.4.4. Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh pikeun nu maca ngeunaan ajén-ajén luhung anu nyangkaruk dina wawacan sangkan dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun. Méré pamahaman yén purwakanti mangrupa bagian nu penting dina kabeungharan kecap basa Sunda.

#### **1.5. Struktur Organisasi Skripsi**

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan téori-téori anu jadi dadasar panalungtikan. Dina ulikan pustaka medar ngeunaan filologi, transliterasi, purwakanti, ajén kaagamaan, jeung wawacan.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan anu ngawengku: desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun jeung nganalisis data, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung téori-téori nu diguar dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun panalungtikan ka hareupna.

**Anisa Yunidawati, 2018**

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,  
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)